

Panse Dan

Vizite Dantis Ou Pandan Ou Ansent



Li enpòtan pou vizite dantis la pandan w ansent. Pou kisa?
Sante oral ou enpòtan pou sante tibebe w la k ap grandi.

- Bakteri koze dan pouri. Tibebe w la ka “trape” bakteri yo nan men ou.
- Kenbe dan ou ak jansiv ou an sante kounye a ka ede pwoteje dan tibebe w la pita.
- Men ki jan ou ka anpeche maladi dantè:
 - Bwose epi pase fil dantè chak jou, epi sèvi ak pat dantifris fliyò.
 - Manje yon rejim alimantè ki an sante.
 - Vizite dantis. Swen dantè pandan gwosès la an sekirite - sa gen ladann radyografi ak anestezi lokal.

Pwograme pou yon tchèkòp jodi a. Si w bezwen èd pou w jwenn yon dantis, mande doktè w. Asire w ou pou di dantis ou oswa ijyenis ou ansent.

Ou ta gendwa kalifye pou pwoteksyon sante gratis oswa nan pri ki ba atravè Medicaid. Gen kèk eta ki gen pwoteksyon dantè pou fanm ansent.

Pou aprann plis, vizite [InsureKidsNow.gov](https://www.insurekidsnow.gov) oswa rele **1-877-KIDS-NOW (543-7669)**.

NÒT:

